ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№109 (21.267) ● 2008 гъэм мэкъуаугъэм (июньм) и 6, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зыужьыныгъэм и гъуэгухэм Санкт-Петербург щытопсэлъыхь

Санкт-Петербург выставкэхэр щагъэлъагъуэ и «Лензкспо» комплекс нэхъ ин дыдэм нобэ къыщыдэлуах спщыкIутIанэ дунейпсо экономикэм зэхъыхьэшхэм хэтщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Мы зэлущIэм Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий къыщыпсэльэнущ. Абы къыдэжкIуэу къыщыхъуэ и Iэтащхьэм гуфIэгъуэ пшыхьым «Дунейпсо энергие» саугъэтыр щариты жынущ ар иджыблагъэ зыхуагъэфэщахэм.

МЫ ЗЭIУЩIэМ кьрихьэIащ дунейпсо экономикэм и лэжьакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэу къэралI 120-м къыкIалхэр, Урысейм, нэгъуэщI къэралхэм я хьэрычэт лэжьакIуэхэр, СНГ-м щыщ къэралхэм я Iэтащхьэр, нэгъуэщI къэралхэм я лIыкIуэу Урысейм щыIэхэр, ЭкономикэмкIэ, сатумкIэ министрствэхэм я лIыкIуэхэр, дунейм щынэхь ин дыдэ компаниехэм - «Боинг», «Карлсберг», «Моторола», «Фольксваген» компаниехэм хуэдэхэм - я президентхэр, вице-президентхэр, менеджерхэр.

Экономикэ зэхъыхьэшхэм хиубыдэу конференцэхэр, «стIол хьурейхэр» ирагъэкIуэжкIынущ, лэжьыгъэм ехьэлIауэ щэджагъуашхэхэр зэдащIынущ. Абыхэм Урысейм и Хьэтхэ-пIэ къэралхэмрэ я финанс зыужьыныгъэм, экономикэ политикэм, бизнесым пыщIа Iуэхуэхэм щытепсэльыхьынущ.

Зэлущ1эм и къыщэгъэпэщакIуэ гупым я унафэщIыгъуэ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Набиуллинэ Эльвирэ.** Абы зэрэщIалмкIэ, мы зэлущIэр зытеухуар зэгурыIуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхущIылIэным и закъуэкъым, атIэ дунейпсо политикэм, экономикэ лэжьыгъэм, щэнхабзэм щыпашэхэм къэралхэм я зыужьыныгъэр зыухуэкIуэ, а зыужьыныгъэм Урысейм щиубыдэ увыпIэмрэ щIэ мыхьэнэмрэ къаэзрыщыхъуэм тепсэльыхьынымкIэ Iэмалхэр къахуэгъэпэщынырэ.

Санкт-Петербург щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ1ап1эхэм мы зэхъыхьэшхэм тэмэму зыхуагъэхьэзыращ икIи абы ирихьэлIэу гъэлъэгъэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыIэхащ. Хьэщ1эхэм я пашхьэ концертхэр щатыгъ Урысейм и Iьэпкъ филарморие оркестру Спиваков Владимир зи унафэщIым, балеринэ цIэрыIуэ, УФ-м щыIэхь зиIэ и артисткэ Лопаткинэ Ульянэ, «Пинк Флойд» гупым, нэгъуэщIхэмкI.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэ.

Махуэ Билал Олимп Джэгухэм кIуэну зегъэхьэзыр

ЛампIэжь Мулид ар къыпэщылIащ

Мэкъуауэгъуэм и 2-5-хэм Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитыныкIэ и чемпионатыр щекIуэкIа Санкт-Петербург къалэм къыкIыну хьэбар гуапэ иджыблагъэ къыпIэрыхьащ.

Махуэ Билал

КъЭБЗЭДЖ-Балъкъэрым и спортсмен щIэрыIуэ, 2007 гъэм дунейпсо чемпионым щытекIуа Махуэ Билал дыщэ медалыр къыфIихьащ Пекин и Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм и къыпэщIэт Курамагомедов Курамагомед, зэIущIэхэм я бжыгъэр иухуащ 1:0-у, 0:2-уэ, 4:1-уэ. Европэм 6-рэ и чемпион хъуа дагьыстан пелуаныр (ахэр щыбланэр килограммми 120-рэ зи хьэлъагъэхэм я дежщ) Махуэм нэгъабэрэй мыпхуэдэ зэхьэзэхуэныгъэ щыхигъэщIащ, икIи ди щIалэр зэкIэлъыкIуэу П1энейрэ УФ-м и чемпион хъуащ.

Адыгэ щIалэм и дыгъуасэрей текIуэныгъэмкIэ командэм и тренерэхэм, спортым и Iащ1агъэп1эхэм, и бэнакIэ ныбжьэгъуэхэм хьэжь ящищащ Пекин и Олимп Джэгухэм хэтыну зэрыхуэфащэр, ар и егупылыгъэр и къарукIэ хьэзэрилэжьар.

Дагъыстаным и команд1э кIыхьэхам и тренер нэхъыщхьэ Гусейнов Магомед чемпионат нэужьым мыпхуэдэу жиIащ: «Махуэ Билал чемпионатым къэсщIну си мурадкъым. Иужьрей мазэхэм абы и узынщагъэм кIэлъыдгъэпIащ, тхьэмахуэ хуэкъыпэ операцэ зэращIрэ. Абы нэмыщIкIэ, Алиев Алий и фэеплъ турнир Мэхъэчкъалэ мазэм тэкIэ щекIуэкIами и пьэгъэкъэр щигъэузыжащ, нобэ, зэрыжаIэу пыхуэсхуэу утыку къихьащ. А поор зэхэлъпхьэжмэ, гурыIуэгъуэщ Махуэм и дежкIэ мыр текIуэнгъэ тыншу зэрыщымыгар.

Чемпионатым щIалэм къыщыпэщIэта Курамагомедов Курамагомед и къару псори ирихьэлIащ бжьыпэр иубыдыну. Нэгъабэ Махуэр къэхъуэ хуэдэу къыщIригъэдзыну и гугъащ. Уеблэмэ, чемпионатым икIуэкIэ лъэщу зыхуигъэхьэзырат абы. Зэхъэзэхуэр зэрыщIидзэу, бжьыпэр иубыду Махуэр хигъащIэну и мурадащ, езым нэхъ лъэщ Урысейм имыIэ хуэдэу зигъэлъэгъуэну. Арщхьэкlэ, Билал и ныкъуэкъуэгъэм къызэрытекIуэн Iэмал иритакым. Си гущIэгъуэ, а тIум нобэкIэ нэхъ лъэщыр езыхэм зэхагъэкIыжащ».

Дауи, апхуэдэ псалъэхэм дамыгушхуэу кьанэрхьым: адыгэ щIалэм республикэм, къэралым я щIыхьыр Олимп спорт утыку лъагэм щIэтыну Iэмал дахэ зыхэригъэхьащ. И мурадыр Тхьэм кьригъэхъулIэ!

Мыдрейуэ, нэгъуэщI зы хьэбар гуапэ Санкт-Петербург къыкIащ. Килограмм 66-рэ зи хьэлъагъэм я деж дыжьын медаль къыщихащ Къэбардей-Балъкъэрым и бэнакIэ щIалэщIэ ЛампIэжь Мулид. Ди щIалэм дыщэ медалыр Iэщ1эзыхар Осетие Ищхьэрэм и бэнакIэ щIэрыIуэ, дуней псомрэ Европэмрэ я чемпион Фарниев Ирбекщ.

Зэхъэзэхуэр нэужьым Олимп Джэгухэм я гупавэкIэ къэзыкъа осетин спортсмэным къыхигъэщащ ЛампIэжьыр зэрыбэнакIуэ лъэщыр. «Уеблэмэ, си фIэщ хуьакъым, апхуэдизу зэфIэкIрэ кьаруурэ Мулид бгъэдэлъу. Хьарзыкъуэ бэнащ. Адрэрым, жызоIэ! Си текIуэныгъэри насыпу къыслухуекIэрэхъуэкIауэ къыщыдгъэхьу».

Щэч хэлъкъым ЛампIэжь Мулид зэман кIэщIым къыриубыдэу бэнакIуэ лъэщ, адыгэр зэрыгушхуэ спортсмен къызэрыщIыкIынум. Абы и дуней текIэмкIэ и Iуэхущ1ап1эмрэ ар къагъэльагъуэ.

ХЬЭЩЫКIЪУЕЙ Олег.

Iуащхьэмахуэ и текIуэныгъэм папщIэ Iэ доIэт!

Урысейм и тельыджэу блыр къыхэхыным текIуэхуэу ирагъэкIуэжI зэпеуэр нухыным махуи 5 нIэжу арац. Дэ иджыри тхуэзэфIэкIынущ псори дыдэрыгушхуэ Iуащхьэмахуэ бгыр а зэпеуэм щытекIуэхэм яхэдгьэхуэн. Ауэ абы папщIэ икIыкIэ жыдэкIуэ Iэ тIэтын хуейщ.

ИУЖЬРЕЙ тхьэмахуэ тIым ди щыгу цIэрыIуэр зэпеуэм щыпашэхэм яхэтыжкIэ, Абы и щхьэусыгъуэр финалым нэхъ ткIийуэ щыгъэныкъуэкIыу зэрыхьэрацI. **www.ruschudo.ru** сайтым Iэ щыгъэIэтахэм зи лимитыр щыхуахэр яхэтынкIэ хьунущ. Абы къыхэкIыу дяпэкIэ СМС-хъыбар евгъэхьэмэ нэхъ тэмэмщ. Абы папщIэ зэпэщIэхуэу е зэпятойкIэ зэпыгъэщхьэхуэкIауэ фэ къыхэфха тельыджыблым я номерхэр къэвгъэлъагъуэ икIи СМС-хъыбарыр 4565 номерымкIэ евгъэхь. СМС-хъыбарым и уасэр соми 8-щ.

Зэпеуэм и финалым Iуащхэмрэ зэфIэкIыным я СМС номерхэмрэ:

Iуащхьэмахуэ бгыр - 47, Гейзерхэм я псыхъэр - 1, Байкал гуэлыр - 9, Новосибирск и зоопаркыр - 10, «Столбы» заповедникыр - 12, Тобольск и кремлыр - 15, Кунгур бгъэунщIагъыр - 22, Новгород Ищхъэрэ кьалэм и кремлыр - 24, Петергоф - 29, Кирилло-Белозерскэ кьулыщыфыфыр - 33, Маныпупунер къуэ щапхьэм и нывэ пкъохэр - 34, Блаженный Василий и члисэр - 38, «Вовнушки» чэщанэр - 43, Мамай Iуащхьэмрэ Хэку-Анэм и фэеплъымрэ - 45.

IэIэтыр мэкъуауэгъуэм и 10-м щэджагъуэм 'еух. Абы къырикIуахэр щыжаIэнущ мэкъуауэгъуэм и 12-м Урысейм и махуэм и щIыхькIэ зэхашIну махуэшхуэм.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Iуащхьэмахуэ кьыхах «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэу *(змагулкIэ ышIидзауэу)* ЩIхьэмщIыгъ Иэз, Кьанькьуэ Анфисэ, НэщIэныдзэ Замирэ сымэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Эпинэ** *трихащ.*

ЩIыхь дамыгъэхэр иратыж

●ЗэIущIэхэр

Мэкъуауэгъуэм и 3-м КъБР-м и Журналистхэм я союзым и президиумым и зэлущIэ зэхэтащ.

АБЫ и тхьэмадэ **Мэзыхьэ Борис** зэлущIэр къыщIэIуихри, зи гугъу ящIыну Iуэхугъуэхэм щигъэгъозагъэ, Урысейм и Журналистхэм я союзым и VIII съездыр зэрекIуэкIамрэ абы къыщаIэта Iуэхугъуэхэмрэ тепсэльыхьыжащ.

Абы нужькIэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм журналистикэм пыщIауэ щылажьэ щIыхьибл КъБР-м и Журналистхэм я союзым хагъэхьащ.

Адэкlэ УФ-м и Журналистхэм я союзым кьыщIэгъэдэкI щIыхь тхьилъхэмрэ бгъэхэIуэмрэ къыыбгерагъащIэ Iэнатlэхэм псэемыблэжь пэрытхэу Мартиросов Ринэ, Сэбанщыз Роэ, Моттаевэ Светланэ, Хьэх Сэфарбий, Занкишиев Хьусейн, Гуртуев Сэлихь сымэ яритыжащ Мэзыхьэ Борис. Апхуэдэу ТыгъэхэмкI дунейпсо палатэм кьыбгъэдэкI саугъэтыр - «Кавказым и орденыр» - зыхуагъэфэща Мартиросов Ринэ центрым и лэжьакIуэ Фетисов Оксанэ. Апхуэдэуи президиумым хэтхэр зэчэнджэщи, Оксанэ КъБР-м и Журналистхэм я союзым хагъэхьэну зэгурыIуащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Iуэхур зэхагъэкI

Iулъхьэшхуэ кьыИхауэ хуаъэфащу ФСБ-м и лэжьакIуэхэм яубыдащ Мэзкуу финансбюджет кIэлъыплъыныгъэкIэ и федерал Iуэхуэщ1ап1эм и щIыналъэ управленэм и инспектор нэхъыщхьэр.

ХэIущIыIу зэрыхьуамкIэ, фирмэ гуэрым и финанс-хозяйствэ лэжьыгъэр кьыщипщытэм, сом мелуан 60-м пэкIуэ хьэгъэщIагъэ зэрахьа хуэдэу кьыгъэуэрри, ар щIыхьэмэ папщIэ сом мин 500 щынагъэкIэ кьыIэщIигъэкIыну хэтащ.

Iуэхур зэхагъэкI.

Кууэ щIыгъэпкърахьнущ

Урысейм и Прокуратурэ иэхьыщхьэм игъэващ коррупцэм и зэрэщхьэкIуэ щыхьэрыхуагъаз зэрыхьну телефон.

Прокуратурэм зэрыщIыжаIамкIэ, зы тхьэусыхэри жуаныншэ ящIынукъым, коррупцэм пэщIэт Iуэхущ1ап1э хэхам псори щыгъэхуахъасынуэ кууэ щыгъэпкърахынущ.

(ИТАР-ТАСС).

Мылькушхуэ хухах

УФ-м и Правительствэм, зытрахуэм и лейуэ, Сочэ и зыужьыныгъэм арэзыу мыльку хухех.

Премьер-министр Путин Владимир Правительствэм и дыгъуасэрей зэIущIэм зэрыщыжиIамкIэ, ди сом мелард 12 мэхъу. Абы къыдэкIуэу, сурэтыщI гъэздэкIэмкIэ Къэрал музейр, Пушкиным и цIэр зезыхьэр, ильэси 100 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырыным сом мелард 4,5-рэ щхьэхуэу хухахынущ.

Дэ Iэпыкъуэгъуэхэр ягъэув

President Медведев Дмитрий Аверьянов Юрий, Криволапов Анатолий, Шерстюк Владислав сымэ Урысей Федерацэм ЩIнагъуэщIагъэмкIэ и Советым и Секретарым и дэIэпыкъуэгъуу игъэуващ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ЩIнагъуэщIагъэмкIэ Советым и Секретарыр ФСБ-м и Iэтащхьэу щыта Патрушев Николайщ.

Кууэ щIыгъэпкърахьнущ

Урысейм и Прокуратурэ иэхьыщхьэм игъэващ коррупцэм и зэрэщхьэкIуэ щыхьэрыхуагъаз зэрыхьну телефон.

Прокуратурэм зэрыщIыжаIамкIэ, зы тхьэусыхэри жуаныншэ ящIынукъым, коррупцэм пэщIэт Iуэхущ1ап1э хэхам псори щыгъэхуахъасынуэ кууэ щыгъэпкърахынущ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

●Швецие Пащтыхьыгъуэм и Iьэпкъ гуфIэгъуэщ - Швед ныбым и Махуэщ.

Кавказым и гъэр Пушкин Александр

Пушкин Александр и махуэр, мэкъуауэгъуэм и 6-м ирихьэлIэр, 1997 гъэм кьыхалъхьауэ Урысей псом щагъэлъапIэ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр зэхащ, библиотекэхэм щыIэхуоери и усэхэм кьудэж, и гъащIэм и кьекIуэкIыкIам, и Iэдакъэщ1экI купщIафIэхэм я гугъу ящI. Мы гъэр я жыпхъэм тетщ.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, Пушкин Александр и цIэр зезыхьэ Урысейпсо музейм Iуэхугъуэ куэд дыдэ щокIуэкI. Псалъэм папщIэ, музейм и пщIантIэм усакIуэм и фэеплъ дэтым дежкIэ щыIэхуэсынущ абы и гъащIэм дихьхэхэр: актерхэр, музыкантхэр, школакIуэхэр, студентхэр, Санкт-Петербург дэсинтеллигенцэр. Апхуэдизу Лицей хадэм (Пушкин кьалэм) усакIуэщхуэм и фэеплъ хэтым удэ гъэтхакIэ трагьльхэнущ. «Бенуа Александр и лэжьыгъэхэм Пушкинщ къыхэхуэщыр» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэр Урысейпсо музейм и пэщ ЩхъуантIэм ящыщIэхуахынущ. Абы щагъэлъэгъуэнущ спектакIэм щхьэкIэ ящIа иллюстрацэхэр, декорацэхэм я эскизхэмрэ артистхэм я щыгъынхэмрэ. Лицей мемориал музейм Пушкиным и псалъэхэр зыщIэлъ романсхэр, оперэ партиехэр щагъэзащIэ махуэшхуэу концерт щатынущ. «Сказка о рыбаке и рыбке» псыеэм къытращIыкIа спектаклым мэкъуауэгъуэм и 7-м Драмэмрэ комедиемкIэ Таганкэ театрым и артистхэм ягъэлъэгъуэнущ.

ИСТЕПАН Залиф.

«Зыуэ щыт Урысейм» къалэныщIэхэр еубзыху

«Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым Москва щыпсэукIуэкIащ «Къэралым и зыужьыныгъэм и иджырей лъхъэнэм партым къыбгъэдэхуэ къалэн пэрытхэр» Iуэхум теухуа конференц. Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми къикIауэ абы щIыхь 263-рэ хэтащ. Къэбардей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу конференцым щыIащ партым и щIыналъэ къудамэм и политикэ советым и секретарь Жэрыкъуэ Борисрэ а советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Дядченкэ Владиславрэ.

КОНФЕРЕНЦIЭМ докладэр щащIащ партым и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1 Грызлов Борисрэ УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1 Нарышкин Сергейрэ. Ахэр партым иужьрей илъэсиблым зэфIигъэкIаxэм тепсэльыхьащ икIи дяпэкIэ зэхьэзэрэ яубзыхуащ.

Конференцым зыубгъуауэ щытепсэльыхьащ парт лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, кадрэхр тэмэму кьыхэхьным, партым и Iуэхущ1ап1э щыхуэхэр щагъэблагъэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щыным.

ШУРДЫМ Мадинэ.

●«Адыгэ псалъэр» къыхьызок

Си ныбжьэгъуфIэхэр

Тыркум сыкъэкIыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъызэрыкIуэжрэ илъэс 16 мэхъури, абы щыщу 10-м сэ «Адыгэ псалъэ» газетым сыкъэкIуэ, сыкъэотэ, къыздэкIыгъуэ къэзи щIызоджькI. А зэманым къриубыдэуи редакцэм и гъэкIуэ куэд ныбжьэгъуфI сухэхъуащ.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ»-газетым и фIэщыгъэцIэр урокъу ар лъэпкъым зэрыхуэлажьэр кьыбгурыIуэныжмкIэ, мыхьэнэшхуэ зэриIэр зыхэпщIэныжмкIэ. Маху кьэс йофIакIуэ, зеубгъу, ди щIалэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм я мызакъуэу, ар топсэльыхь щIыпIэ куэдым кьыщыхъухэми. Ауэ критикэр зэрымащIэр, пэжыр жыпIэмэ, тIэкIу си жагъуэ мыдэкъым. Си щхьэгъуэр ди щIыхэм «убэныр» зэрамыщIасэр, арщхьэкIэ мыхъумыщIэм и чэзум утепсэльыхьмэ, Iуэхущ1афэхэр убзыхуныжмкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр ящIыжмкIэ, ар зыми и щхьэм иригъэжэн хуейтэкъым. Ар тхьэмахэм теухуауэ.

Мыдрейуэ сыхуейт газетым и кьыздэгъэпэщыкIэм псалъэ зыгIущ хужьыдIэну. Сэ срищыхьэтщ абы елэжьхэр зыIут гугъуэхэзыи, щхьэкъэIэт зэрамыIэм. Пьэпкъым гу кьабзэкIэ хуэлажьэ щIыхэм я гущIэм пщIэ иIэу, «Адыгэ псалъэр» дяпэкIи efIакIуэу, щIэджыдкIэкIуэхэр и куэду сльагъуну си гуапэщ!

ЧУРЕЙ Дыжьын,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэр сом 356-рэ кIэлIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэх хъунущ республикэм и пошт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

●Хъыбар гуапэ

Махуэ Билал Олимп Джэгухэм кIуэну зегъэхьэзыр

ЛампIэжь Мулид ар къыпэщылIащ

Мэкъуауэгъуэм и 2-5-хэм Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитыныкIэ и чемпионатыр щекIуэкIа Санкт-Петербург къалэм къыкIыну хьэбар гуапэ иджыблагъэ къыпIэрыхьащ.

Махуэ Билал

КъЭБЗЭДЖ-Балъкъэрым и спортсмен щIэрыIуэ, 2007 гъэм дунейпсо чемпионым щытекIуа Махуэ Билал дыщэ медалыр къыфIихьащ Пекин и Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм и къыпэщIэт Курамагомедов Курамагомед, зэIущIэхэм я бжыгъэр иухуащ 1:0-у, 0:2-уэ, 4:1-уэ. Европэм 6-рэ и чемпион хъуа дагьыстан пелуаныр (ахэр щыбланэр килограммми 120-рэ зи хьэлъагъэхэм я дежщ) Махуэм нэгъабэрэй мыпхуэдэ зэхьэзэхуэныгъэ щыхигъэщIащ, икIи ди щIалэр зэкIэлъыкIуэу П1энейрэ УФ-м и чемпион хъуащ.

Адыгэ щIалэм и дыгъуасэрей текIуэныгъэмкIэ командэм и тренерэхэм, спортым и Iащ1агъэп1эхэм, и бэнакIэ ныбжьэгъуэхэм хьэжь ящищащ Пекин и Олимп Джэгухэм хэтыну зэрыхуэфащэр, ар и егупылыгъэр и къарукIэ къызэрилэжьар.

Дагьыстаным и команд1э кIыхьэхам и тренер нэхъыщхьэ Гусейнов Магомед чемпионат нэужьым мыпхуэдэу жиIащ: «Махуэ Билал чемпионатым къэсщIну си мурадкъым. Иужьрей мазэхэм абы и узынщагъэм кIэлъыдгъэпIащ, тхьэмахуэ хуэкъыпэ операцэ зэращIрэ. Абы нэмыщIкIэ, Алиев Алий и фэеплъ турнир Мэхъэчкъалэ мазэм тэкIэ щекIуэкIами и пьэгъэкъэр щигъэузыжащ, нобэ, зэрыжаIэу пыхуэсхуэу утыку къихьащ. А поор зэхэлъпхьэжмэ, гурыIуэгъуэщ Махуэм и дежкIэ мыр текIуэнгъэ тыншу зэрыщымыгар.

Чемпионатым щIалэм къыщыпэщIэта Курамагомедов Курамагомед и къару псори ирихьэлIащ бжьыпэр иубыдыну. Нэгъабэ Махуэр къэхъуэ хуэдэу къыщIригъэдзыну и гугъащ. Уеблэмэ, чемпионатым икIуэкIэ лъэщу зыхуигъэхьэзырат абы. Зэхъэзэхуэр зэрыщIидзэу, бжьыпэр иубыду Махуэр хигъащIэну и мурадащ, езым нэхъ лъэщ Урысейм имыIэ хуэдэу зигъэлъэгъуэну. Арщхьэкlэ, Билал и ныкъуэкъуэгъэм къызэрытекIуэн Iэмал иритакым. Си гущIэгъуэ, а тIум нобэкIэ нэхъ лъэщыр езыхэм зэхагъэкIыжащ».

Дауи, апхуэдэ псалъэхэм дамыгушхуэу кьанэрхьым: адыгэ щIалэм республикэм, къэралым я щIыхьыр Олимп спорт утыку лъагэм щIэтыну Iэмал дахэ зыхэригъэхьащ. И мурадыр Тхьэм кьригъэхъулIэ!

Мыдрейуэ, нэгъуэщI зы хьэбар гуапэ Санкт-Петербург къыкIащ. Килограмм 66-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж дыжьын медаль къыщихащ Къэбардей-Балъкъэрым и бэнакIэ щIалэщIэ ЛампIэжь Мулид. Ди щIалэм дыщэ медалыр Iэщ1эзыхар Осетие Ищхьэрэм и бэнакIэ щIэрыIуэ, дуней псомрэ Европэмрэ я чемпион Фарниев Ирбекщ.

Зэхъэзэхуэр нэужьым Олимп Джэгухэм я гупавэкIэ къэзыкъа осетин спортсмэным къыхигъэщащ ЛампIэжьыр зэрыбэнакIуэ лъэщыр. «Уеблэмэ, си фIэщ хуьакъым, апхуэдизу зэфIэкIрэ кьаруурэ Мулид бгъэдэлъу. Хьарзыкъуэ бэнащ. Адэрэрым, жызоIэ! Си текIуэныгъэри насыпу къыслухуекIэрэхъуэкIауэ къыщыдгъэхьу».

Щэч хэлъкъым ЛампIэжь Мулид зэман кIэщIым къыриубыдэу бэнакIуэ лъэщ, адыгэр зэрыгушхуэ спортсмен къызэрыщIыкIынум. Абы и дуней текIэмкIэ и Iуэхущ1ап1эмрэ ар къагъэльагъуэ.

ХЬЭЩЫКIЪУЕЙ Олег.

Бэр зэкъуэтмэ – текIуэныгъэщ.

Дзэлыкъуэ и «Нэхущ пшэплъ»

●Гъэмахуэ-2008

Дзэлыкъуэ куейм щыпсэу сабийкэ я тхьэмахуэ зыгъэпсэхуэгъэр нэгъуэщIыжу ягъэкIуэн, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ нэгъуэщI щIп1эхэм кьыщрашэкIырхьым. Балъкъ Iуфэ и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм хуэзэу кьыщызэIуаха «Нэхущ пшэплъ» лагерыр яIэщ.

МЫ ЩIЫПIЭР сыт и лъэныкъуэкIи сабийм я гукъыдэжкIыр къэIэтыным хуэгъэпсэу: мэзыкум зэрыхэтым и мызакъуэу, джэгукIэ, спорт зэхъэзэхуэу зэмылIужьыгъуэхэр щагъэзэжкIуэ стадион, псыгуэн (бассейн), щэнхабзэмкIэ пшэдыжьым яIэщ. Дзэлыкъуэ куей адміністрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Зэжлуей Алий кьызэрыджиIамкIэ, псом хуэмыдэжу мы илъэсым лагерыр кьрызэрагъэпэщащ унэльащIэ, хьэпшып, спорт хуэIуэхуэщIэхэмкIэ. Сабийхэр къуэат ныщ, гидробиолог, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м и член-корреспондент **Цыбань Аллэ.**

♦Ильэс 120-рэ и пэкIэ къалъхуащ совет политикэ икIи къэрал лэжьакIуэ **Куйбышев Валериан** (1888 - 1935). 1927 гъэм къыщыщIэдзауэ ВКП(б)-м и Политбюром хэтащ.

♦Ильэси 105-рэ и пэкIэ къалъхуащ совет композитор, дирижер, егъэджакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и цIыхубзэ артист, Армян ССР-м и АН-м и академик, Социалист Лъжьыгъэ и Лыхъжь, Лениным и саугъэтымрэ (1959) СССР-м и Къэрал саугъэтхэмрэ (1941, 1943, 1946, 1950) я лауреат **Хачатурян Арам** (1903 - 1978).

♦Ильэси 5 и пэкIэ дунейм ехыжащ урыс еджагъэшхуэ, РАН-м и академик, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь, СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ (1985) СССР-м и Министрэм я Советым и саугъэтымрэ я лауреат **Зуев В.Е.** (1925 - 2003).

♦1944 гъэм ЕтIуанэ фронтыр къызэIуахащ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикIэ 25-м, кьухьэжынуф сыхьэт 20-рэ дакьикIэ 48-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикIэ 23-рэ.

Щ1ап1эр зыгъэхьэзырыр **ХЬЭЖЫКЪАРЭ** *Аликъ.*

●Адыгэ псалъэр» къыхьызок

Си ныбжьэгъуфIэхэр

Тыркум сыкъэкIыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъызэрыкIуэжрэ илъэс 16 мэхъури, абы щыщу 10-м сэ «Адыгэ псалъэ» газетым сыкъэкIуэ, сыкъэотэ, къыздэкIыгъуэ къэзи щIызоджькI. А зэманым къриубыдэуи редакцэм и гъэкIуэ куэд ныбжьэгъуфI сухэхъуащ.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ»-газетым и фIэщыгъэцIэр урокъу ар лъэпкъым зэрыхуэлажьэр кьыбгурыIуэныжмкIэ, мыхьэнэшхуэ зэриIэр зыхэпщIэныжмкIэ. Маху кьэс йофIакIуэ, зеубгъу, ди щIалэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм я мызакъуэу, ар топсэльыхь щIыпIэ куэдым кьыщыхъухэми. Ауэ критикэр зэрымащIэр, пэжыр жыпIэмэ, тIэкIу си жагъуэ мыдэкъым. Си щхьэгъуэр ди щIыхэм «убэныр» зэрамыщIасэр, арщхьэкIэ мыхъумыщIэм и чэзум утепсэльыхьмэ, Iуэхущ1афэхэр убзыхуныжмкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр ящIыжмкIэ, ар зыми и щхьэм иригъэжэн хуейтэкъым. Ар тхьэмахэм теухуауэ.

Мыдрейуэ сыхуейт газетым и кьыздэгъэпэщыкIэм псалъэ зыгIущ хужьыдIэну. Сэ срищыхьэтщ абы елэжьхэр зыIут гугъуэхэзыи, щхьэкъэIэт зэрамыIэм. Пьэпкъым гу кьабзэкIэ хуэлажьэ щIыхэм я гущIэм пщIэ иIэу, «Адыгэ псалъэр» дяпэкIи efIакIуэу, щIэджыдкIэкIуэхэр и куэду сльагъуну си гуапэщ!

ЧУРЕЙ Дыжьын,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

Хасэм фрегъэблагъэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм иджыблагъэ къыщIэгъуэм игъэбелджылащ хасащхьэм хэтхэр щIыхухэм щалъыщIэну зэманыр.

ХАСЭМ и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдэрэ абы и къуэдзэхэу Щоджэн Риммэрэ Тхьэмокъуэ Барэсбийрэ Iуэхугъэ зафхуэзгъэзэну фыхуеймэ, а жылагъуэ зэгуфхэныгъэм и хэщIапIэр мыращ: **Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, езанэ къат.**

ЦIыхухэр щрагъэблагъэну зэманыр:

Блыщкъэ, бэржьей, мэрем махуэхэм - сыхьэти 10-м кьыщыщIэдзауэ 13 хъуху, **гъубжьмрэ махуэкумрэ** - сыхьэти 10-м кьыщыщIэдзауэ 12 хъуху, **щэбэтым** - сыхьэт 12-м кьыщыщIэдзауэ 17 хъуху.

●Гъэмахуэ-2008

Дзэлыкъуэ и «Нэхущ пшэплъ»

Дзэлыкъуэ куейм щыпсэу сабийкэ я тхьэмахуэ зыгъэпсэхуэгъэр нэгъуэщIыжу ягъэкIуэн, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ нэгъуэщI щIп1эхэм кьыщрашэкIырхьым. Балъкъ Iуфэ и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм хуэзэу кьыщызэIуаха «Нэхущ пшэплъ» лагерыр яIэщ.

МЫ ЩIЫПIЭР сыт и лъэныкъуэкIи сабийм я гукъыдэжкIыр къэIэтыным хуэгъэпсэу: мэзыкум зэрыхэтым и мызакъуэу, джэгукIэ, спорт зэхъэзэхуэу зэмылIужьыгъуэхэр щагъэзэжкIуэ стадион, псыгуэн (бассейн), щэнхабзэмкIэ пшэдыжьым яIэщ. Дзэлыкъуэ куей адміністрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Зэжлуей Алий кьызэрыджиIамкIэ, псом хуэмыдэжу мы илъэсым лагерыр кьрызэрагъэпэщащ унэльащIэ, хьэпшып, спорт хуэIуэхуэщIэхэмкIэ. Сабийхэр къуэат ныщ, гидробиолог, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м и член-корреспондент **Цыбань Аллэ.**

♦Ильэс 120-рэ и пэкIэ къалъхуащ совет политикэ икIи къэрал лэжьакIуэ **Куйбышев Валериан** (1888 - 1935). 1927 гъэм къыщыщIэдзауэ ВКП(б)-м и Политбюром хэтащ.

♦Ильэси 105-рэ и пэкIэ къалъхуащ совет композитор, дирижер, егъэджакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и цIыхубзэ артист, Армян ССР-м и АН-

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Хущхъуэр щIызэпэубыдам и щхьэусыгъуэр

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и УнафэщI Бечелов Ильяс. Правительствэм хухаха сыхьэтым хиубыдэу абы къыщыпсэлъащ КъБР-м уэзыншагъэр хъумэныжмкIэ и министр Биду Вадим.

АБы и къэпсэльэныгъэр триухуащ льготэ зиIэ цIыху гуп щхьэхуэхэр хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщым. Министрым зэрыжиIамкIэ, 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжауэ льготэ зиIэ дэтхэнэ зы цIыхури хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным бюджетым къыхэкIыу мазэ къэс къыхуаутIыпщ ахъшэр сом 423-м нэсу хагъэхъуащ икIи, ищхьэмкIэ къыщыгъэпльэгъуэ мурадым тригъэкIуэдэн папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыхуаутIыпщ ахъшэм сом мелуани 9-рэ мин 327-рэ къэплъыгъ хъунущ.

Льготэ зиIэхэм хущхъуэ хуаутIыпщ аптекэ Iэхуэщ1апIэу 31-м. Апхуэдэу льготэ зиIэ пенсионерхэм я узыншагъэм амбулаторэхэм щыкIапльэупль дохутыру 1126-рэ икIи абыхэм дэтхэнэри зыхуеину хущхъуэкIэ къыхихыну папщIэ ещанэ хуатх. Хущхъуэ я рецептхэм зэрагъэуцIыпщ Iухуэщ1апIэ псори иджыдей компьютер техникэмкIэ къызэгъэпэщащ.

2008 гъэм и япэ мазищыр къапщтэмэ, цIыхуэхэр ирикъуу къызэрагъэпэщащ хущхъуэгъуэ лIэужьыгъуэу 400-м щIигъуамкIэ. Абыхэм яхэтщ инсулинри химиотерапевт хущхъуэгъуэхэри. Гупльитэ хэмэ хуащIащ онкологие узыфэ, фошыгъу диабет, ревматоид артрит зиIэхэри, зи льыр гъэкъэбзэн хуейкъэ зыхуэныкъуэ хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ныкъэдыкъуэу щыпсэухэм я бжыгъэм 2008 гъэм щIышылэм и 1 пьандэрэ цIыху 2200-рэ къыхэхъащ. Мы Iэхуэм узыгъэгъэзавэу хэлъхэм ящыщщ щIэуэ учетым ягъэува ныкъэдыкъуэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным текIуэдэну ахъшэр зэкIэ къызэрамыутIыпщыр. Льготэ зиIэ мыдрей цIыхуэхэми хухах ахъшэр кьомэщIэкIри, абыи къыдэгъэхуэфынчъкым.

2008 гъэм накьыгъэм и 1-м иригъэкIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу хущхъуэкIэ къызэрагъэпэщыну хуитыныгъэ зиIэ цIыхуу 23153-рэ. Абыхэм я процент 48-м узыфэ гъэтIылъа хьэлъэхэр яIэщ икIи апхуэдэхэм уеIэзэн папщIэ ику иту дэтхэнэ зы цIыхуми тещIыхьауэ хухах ахъшэм укьитIэсэнчъкым.

Мы гугъуехьхэр дигъэкIын папщIэ, республикэм Узыншагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм «2007-2011 гъэхэм КъБР-мэшIагъэр хъумэным зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхам и хьэкъкIэ федеральнэ реестрым хиубыдэ сымадджэхэм ящыщу фошыгъу диабет, жьэн уэ зыпкъырытхэм, зи акъылыр зэкIуэкIахэм, онкологие узыфэ зиIэхэм ахэр нэхъ зыхуей хущхъуэхэмкIэ защIегъакъуэ.

Бицу Вадим депутатхэр щыгъуазэ ищIащ хущхъуэгъуэ нэхъ зэпэубдахэр къызэрыкIуэм ещанэ зыр пашэ министерствэм гупльитэ щхьэхуэ зэрыкуищIым. Кьапщэмэ, мы гъэм зэрыщIидзэрэ онкологие узыфэ зыпкъырытхэм папщIэ сом мин 844-рэ, фошыгъу диабет зиIэхэм папщIэ сом мин 629-рэ я уасэ хущхъуэ лейуэ кьащIохуащ.

Министрым зэрыжиIамкIэ, федеральнэ реестрым хиубыдэ ныкъэдыкъуэхэр IэмалынащагъэкIэ зыхуей хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуани 112-м щIигъу, ахэр тэмэму зыхуей хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуан 245,5-рэ текIуэдэнэщ.

Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ министрым упщIэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ, ЗаконодательствэмкIэ, къэрал уухэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправлензм и IуэхущхэмкIэ комитетым и унафэщI Абаэз Руслан, Пэжьыгъэмэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI Жанатаев Салим сыд. Аэр щIыпIащ1ащ1 компьютер-томограф къэплъыгъэхэр зэрыргъэкIуэкIыр егъэфIэкIуэным, фошыгъу диабет зиIэхэр хущхъуэкIэ къызэрэгъэпэщыным, медицинэм и IэнатIэр япэкIэ гъэкIуэтэным и лъэныкъуэкIэ министерствэм зэфIигъэкIэм. Министрым а псоми жэуап пыухыкIа иратащ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэныжмкIэ комитетым и унафэщI Иванов Игорь къыщIыпсалъэм зэрыжиIамкIэ, ныкъуасныгъэ щхьэхуэхэр щIыпIэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэр къыпэщIыт къаланхэм Iэпльэщу къэплъыгъ хъунущ.

Президиумым хэтхэм министрым утыку къырилъхьа Iуэхуэхэр къалъытащ. Депутатхэм къагъэльэгъуащ узыфэ нэхъ хьэлъэу лIэужьыгъуйблым ещ1эзэным тещIыхьауэ я нгъэувакIэ ящыщ. Абы къыщыхьыжьауэ я лимитхэм япкъ иткIэ УФ-м и бюджетым кьиутIыпщ ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зыхуейм нэхъри нэрылъагъуу зэрынэхъ мащIэр. Абы къыхэкIыу Президиумым хэтхэр зэгурыIуащ Федеральнэ Закон №230-ФЗ-р гъэзэщIэным теухуауэ къаутIыпщ ахъшэр нэхъыбэ ящыкIи папщIэ, лъэIыкIэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым зыхуагъэзэну. А Iуэхур апхуэдэу кьащIыхьатхъэнущ Урысей Илъэс Парламент Ассоциацэм и зэIущIам.

БАТЫР Любэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩIыр хабзэм къемызэгъыу иратащ

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и къэралправовой управленэм хуигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, Бахъсэн къалэ округым и прокуратурэм къинщIащ Бахъсэн къалэ округым и прокуратурэм и Судыр Iэхъыщ1ахьэмкIэ и администрацэм щIапIэу къагъэсэбэпын папщIэ, щIыхьэ пщIэншэу зэритар законым къызэрезгъыр.

ПIалъэ къызэрыхьэмкIэ, мы Iуэхуэм ехьэлIауэ Бахъсэн къалэ округым и администрацэм иIэ хуитныныгъэхэм къримыубыдэ унафэ ищIащ икIи Урысей Федерацэм и Щы кодексыр, «Умей щIапIэм и IуэхуэкIэ» Федеральнэ законыр, апхуэдэу «ЩIыхуэхэм щы Iыхьэр етыныжмкIэ мардэхэм я IуэхуэкIэ» Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым кьищта унафэр къызэпиудащ. Абыхэм къемызэгъыу къаIэрыхьэ, зэрыгъэзэжащ.

Бахъсэн районым и судым диБыгащ Бахъсэн къалэ округым и прокуратурэм къигъэувахэр икIи ахэр ягъэзэщIэну унафэ кьищIащ. КъБР-м и Суд Iэхъыщ1ахьэмкIэ ящIапIэу къагъэсэбэпын папщIэ, щIыхьэ пщIэншэу зэритар законым къызэрезгъыр.

ПIалъэ къызэрыхьэмкIэ, мы Iуэхуэм ехьэлIауэ Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и хуитныныгъэхэм къримыубыдэ унафэ ищIащ икIи Урысей Федерацэм и Щы кодексыр, «Умей щIапIэм и IуэхуэкIэ» Федеральнэ законыр, апхуэдэу «ЩIыхуэхэм щы Iыхьэр етыныжмкIэ мардэхэм я IуэхуэкIэ» Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым кьищта унафэр къызэпиудащ. Абыхэм къемызэгъыу къаIэрыхьэ, зэрыгъэзэжащ.

Мыгувэу Заужан къищIащ и щхьэгъэсэр зэрагъэтIысар, ар ильэситху пIалъэкIэ Къэзахстаным зэрагъэкIуэнур.

Зэшыпхъуэхэм ягу ихуэжыркъым я адэр зэрыдаша щыкIэрэ. Куэдрэ ягъэльэгъуджамиу, Iуагъэщ1акъым, ирагъэпсэльакъым, и щыгъын - лъыгъын тIэкIуэхэр вагоным и щхьэгъубжэмкIэ худадзыфа кьудейщ.

Я адэ-анэм ящэча бэлыхьхэм топсэльыхьыкъ абыхэм я бынхэр - Сафеткэ, Жангуащэ, Жанеткэ, Серэ сымэ (Зое псэужкъым), Жанеткэрэ Хьанбийрэ я куэ Заур и фэтэрым щыIэзрихьэлIауэ. Мыбдежкъым къыщыщI Хьанбий, зэшыпхъуиплIым я бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэр.

- Дядэр даша нэужь, Жангуащэрэ сэрэ Кьыгтl и къуэшхэм и къуэ Тlымышщ и унагъуэм дыкъыщинщ, Жанеткэрэ Серэрэ зыщIигъури, ди анэр и дыщым кIуэжат. НэщIу кьэна ди унэм и бжэ-щхьэгъубжэхэр хатхащ, зыгуэрэр щIыхьэри, унэльащIэу, хьэпшыпу диIа псори кьыщIадзыгащ - кьеIуэтэж Сафеткэ. - Ди уэчыпу кьэуврри, Тlымышщ кьуажэ унафэщIэхэм яхуэтхьэусыхат, «Сабийкэр пIын хуейкъэ, сыт абыхэм, я лажьэр?» - жиIэри. Тlымышщ кьыгурагъэIуащ Кьыгтl и унэри и мыльку ри кьэралым ей зэрыхьуар, «цIыхубэм и бийм» и быныр япIыну ныкъыкъуэхьэхэм зэрамыфарэыр. «Зыгуэрым и унэм щIэтIысхьэ - апхуэдэ чэнджэщ кьратащ. А махуэм кьыщыщIэдзауэ, ди анэри ди гъусэу, екIуэлIа пIэншэу дыкъанэри, бэлыхь Iэджэ дыхэтыгащ...

Япэ щIыкIэ унагъуэм егъэзэщIэ хуэхъащ Кьыгтl и кьуэш Сэхьид и унэр. Абы мазэ щыбжанэкIэ щыпсэуа нэужь, я хэщIапIэр ямыхьужу кьыхуадакъым. Сэхьидрэ (кьулейуэ щымытми) и унэр трахри, ягъэкIуэдащ.

Тlымышхэ я дежи зауалкIэ щыIащ Заужанрэ абы и хьыджэбэ цIыкIухэмрэ. «Кулакым и унагъуэр сыт щIыхьэпшэлIар, абы утекIу эдэнущ», - кьыжраIэ пэтми, Тlымышэ зыхищIэрт и кьалэныр зэрирГъэзэщIапIхьэр. Ауэ я жагъуэгъуэхэр ерыщу Iейкlэ кьыхэзыхуэпсэльэр, бэзгу яхьрэ, екIэ кьыхэрещакIуэр, абы хэм хъэгъэщагъэ зэрахьэнкIэ зэрыхьнур (нартыху кьэп пщыкIуэ кьэралым ирагъэхьэ, уеIуэ кьыпаубыдат) кьыщыгурыIуэм, Заужан иукъуэдиящ: «Мыри псэупIэ тхуэхьынукъым, си дыщым сыкIуэжынущ». Апхуэдэуи ищIащ. Арыншауи хьунутэкьым - ар анэри ягъэтIысынут (абы теуауэ унафэ зэрыщIар белджылы кьэхъужащ, ильэс зыбжанэ дэкIыжа нэужь).

- Зэман-зэманкIэ дядэм письмо кьыгтхуитхыгат, - кьэпщащ и псальэм Сафеткэ, - зыкъомыр зэрибзыщIыр гурыIуэгъуэт. Рэмэзан мазэр ГъунэгъуэкIэ кьэхъуащ, сынэщынущи, джэш къысхуевгъэхь - апхуэдэрэ кьыдиIуэкIырт ерыскъыкIэ гугъу зэрехьыр. Дэрэ, тхуэзэфIэкIыр хуэзэхэтлкIэуэрэ, хуэдуэхэм, я напщIэр мыхуэдэ у, «Дэ уэ дырикъунщ, дяпэкIи дунейщ» - кьыжраIэрт, щхьэусыгъуэншэу кьыкфIэнэзэгъэ, псальэ пхьашэхэр кьрапэсырт. Ди анэ-шыпхъуэм ягу нэщI иIэти, абы зытIэкIурэ дыщыпсэуащ. И1танэ, Урыс ум и кьуажэ Советым и тхьэмадэу щытат. «Ди мэзым укъыщIэмыихьэ, щIэрыщIэу удедгъэшыжынщ», - кьыщыкрIэм, Анзорей кьэдгъэзэжыгъащ. Жанджэрий Мусэ, Шынахьыр Хьисэ, Табыхьу Нухь, Джатэ-жьейкъэ, нэгъуэщI унагъуэ гуэрми дыщыпсэущ.

Дядэм и мыльку хьэлэлым хищIыкIа унэшхуэм (пэш 12 хьум) кьэрал Iуэхущ1апIэкэр (кьуажэ Советыр, военкоматыр, еджапIэр, нэгъуэщIхэри) щIэсащ, дэ дыщыпсэун пэщ кьэтIылъхьуэу, зэман гуэркIэ егъэзэщIэ кьэдгъуэтмэ дыгуфIэу, щIэрыщIэу екIуэлIапIэншэ дыхьхужрэ, дылъаIуэу кьуажэр кьызэхэткIухьу - апхуэдэрэ зыкъомрэ дыкьэгъуэгурыкIуащ. Сыт хуэдэ лажьыгъэми зэрыхуэзэфIэкIкIэ и гуащIэ хильхьарэ, Бабы зэгурымыIэу сатеIуэнущ, Урыу дыздэщIыпмкIэ нэкIуати, зыгуэрхэм зыкъыхуагъэсат, «адыгэ хабзэр пщыгъупщэ?» - жиIэрт. Ауэ, сэ зэрысщIэжымкIэ, ди адэм зыпищI щыIэтэкъым ди лъэпкъ хабзэ-бзыпхъэхэр. Абы фIэфIт фащэ екIуэ зыщигъаГъыныр, хъыбарыжьхэр, щыпсэ дахэхэр кьытхуиIуэтэнныр...

Псальэмакъым кьыхохьэ Серэ:

- ИлъэситхукIэ кьэта си адэм сыщыбгъэдыхьам, си гугъат Iэплъ кьысхуищIынуту. Ауэ, нэмысым зритъэкъри, сыкъыIуигъэжIуэтыгъащ. Ауэ гумащIэт дядэр. Фыуэ дыкьилъагъурт и бынхэр. Кьупщхь? гуащIэхуэ кьытхуищэхурт, бжэкъуагъым щигъэпщIкIуртри, «Мы хьыджэбэ цIыкIур бажэкъым ихьу слъагурт» - кьытеслхьжаши, фыхуэсакъ», - кьыджиIэрт. КьыдэгъуашьIэрт, гъэщIэгъуэн куэд дыщIигъэдэIурт. Ауэ кьытхэсыну и Iуэхуэхэм хущIагъэхьэртэкъым...

- Кьалэн Iэджи пщэрылъ кьыщащат, ауэ абыкIи зыгуэрхэм ягу загъэртэкъым, - жеIэ Жанеткэ.-«ЦIыхубэм и бий» кьыззэрыфIащрэ, и ныбжьыгъуфIу щытахэри кьыбгъэдэмыхьэж хъуат, кьэзыльагъу мыхьуу щытатIыпщырт. Ди анэшым я деж дыщыIэурэ ильэсхэр екIуэкIащ. Кьыгтralхьа тезырым и пIальэр иухри, дядэр кьытхуэкIуэжыгат

- Дядэр, бжэр кьыIуихыу кьыщыщIыхьэжам, кьысхуэщIыхужакъым, - кьеIуэтэж Жанеткэ. - «Хэт мор? - жысIащ, сыкъэшынауэ, «Анна, уи адэращ, - гуфIэу кьыщIыпльэтащ ди анэщхуэр - Алыхьым и шыкурщ!» И кьуэшхэм яхэмыхьэу (игу дыкъэкIыщащэ кьыщIэкIыкIащ), Урыу дыздэщIыпмкIэ нэкIуати, зыгуэрхэм зыкъыхуагъэсат, «адыгэ хабзэр пщыгъупщэ?» - жиIэрт. Ауэ, сэ зэрысщIэжымкIэ, ди адэм зыпищI щыIэтэкъым ди лъэпкъ хабзэ-бзыпхъэхэр. Абы фIэфIт фащэ екIуэ зыщигъаГъыныр, хъыбарыжьхэр, щыпсэ дахэхэр кьытхуиIуэтэнныр...

Псальэмакъым кьыхохьэ Серэ:

- ИлъэситхукIэ кьэта си адэм сыщыбгъэдыхьам, си гугъат Iэплъ кьысхуищIынуту. Ауэ, нэмысым зритъэкъри, сыкъыIуигъэжIуэтыгъащ. Ауэ гумащIэт дядэр. Фыуэ дыкьилъагъурт и бынхэр. Кьупщхь? гуащIэхуэ кьытхуищэхурт, бжэкъуагъым щигъэпщIкIуртри, «Мы хьыджэбэ цIыкIур бажэкъым ихьу слъагурт» - кьыджиIэрт. КьыдэгъуашьIэрт, гъэщIэгъуэн куэд дыщIигъэдэIурт. Ауэ кьытхэсыну и Iуэхуэхэм хущIагъэхьэртэкъым...

- Кьалэн Iэджи пщэрылъ кьыщащат, ауэ абыкIи зыгуэрхэм ягу загъэртэкъым, - жеIэ Жанеткэ.-«ЦIыхубэм и бий» кьыззэрыфIащрэ, и ныбжьыгъуфIу щытахэри кьыбгъэдэмыхьэж хъуат, кьэзыльагъу мыхьуу щытатIыпщырт. Ди анэшым я деж дыщыIэурэ ильэсхэр екIуэкIащ. Кьыгтralхьа тезырым и пIальэр иухри, дядэр кьытхуэкIуэжыгат

- Дядэр, бжэр кьыIуихыу кьыщыщIыхьэжам, кьысхуэщIыхужакъым, - кьеIуэтэж Жанеткэ. - «Хэт мор? - жысIащ, сыкъэшынауэ, «Анна, уи адэращ, - гуфIэу кьыщIыпльэтащ ди анэщхуэр - Алыхьым и шыкурщ!» И кьуэшхэм яхэмыхьэу (игу дыкь